

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ulangan harian kaasup kana salah sahiji kagiatan évaluasi nu penting jeung wajib diayakeun ku guru, di sagigireun ulangan nu aya di sakola saperti: ulangan harian, Ulangan Tengah Semester (UTS), Ujian Kenaikan Kelas (UKK), jeung ujian sakola.

Ulangan harian dipaké pikeun ngajén kahontal henteuna indikator dina unggal kagiatan pangajaran. Salian ti éta, ulangan harian ogé méré umpan balik boh pikeun guru boh pikeun siswa. Pikeun guru, hasil ulangan harian bisa dipaké pikeun nangtukeun naha hiji bahan pangajaran diteruskeun atawa kudu dibalikan deui, naha téhnik pangajaran nu digunakeun kudu diganti, dimodifikasi, atawa tetep dipertahankeun jeung sajabana. Sedengkeun pikeun siswa, hasil ulangan harian méré informasi naha siswa geus ngawasa kana salah sahiji kompeténsi jeung bahan ajar anu geus diajarkeun.

Tujuan pokok ulangan harian dina évaluasi pangajaran nya éta pikeun mikanyaho kahontal henteuna tujuan program pangajaran. Ku kituna, instrumén évaluasi kudu dimekarkeun luyu jeung tujuan pangajaran. Sahingga wangun tés luyu jeung karakteristik bahan ajar, sarta luyu jeung matéri pangajaran anu geus dijelaskeun. Sarat instrumén évaluasi nu hadé nya éta di antarana validitas jeung réliabilitas.

Validitas jeung réliabilitas soal penting dina ngukur kamampuh siswa, sabab soal anu hadé nya éta soal nu miboga kritéria valid jeung réliabel. Soal anu disebut valid nya éta soal anu bisa ngukur naon anu rék diukur/alat ukur anu luyu jeung indikator sarta matéri ajar. Sedengkeun réliabel nya éta tés anu bisa ngahasilkeun data anu sarua (ajeg) saupama dipaké sababaraha kali pikeun ngukur objék anu sarua.

Pasualan nu aya dina ieu panalungtikan nya éta ayana sababaraha guru nu teu maliré kana kualitas soal anu disusunna. Lantaran kitu, can kasusun modél soal ulangan harian basa Sunda nu hadé nya éta anu miboga katégori layak. Ku kituna,

pikeun ngungkulán ieu pasualan nya éta kudu disusun modél soal basa Sunda dina wangun ulangan harian, ku cara nganalisis butir soal. Analisis butir soal bisa dilakukeun ngaliwatan sababaraha aspék nya éta validitas, réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, tingkat daya pangbéda, sarta éfektivitas *pengecoh* (Arifin dina Sevi, 2015, kc. 3).

Dina ieu panalungtikan anu jadi fokus masalah nu rék ditalungtik nya éta validitas eusi, validitas émpiris jeung tingkat réliabilitas dina nganalisis butir soal jeung lembar jawaban siswa. Validitas eusi dina ieu panalungtikan nya éta soal dianalisis dumasar kana jelas henteuna pituduh soal, jelas henteuna rumusan indikator, patalina antara jenis penilaian jeung indikator, jelas henteuna instrumén jeung matéri anu diujikeun, jelas henteuna bahan penilaian jeung alat penilaian nu digunakeun, basa nu digunakeun, rumusan basa komunikatif, ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham, huruf nu digunakeun, ukuran huruf nu digunakeun, jeung format atawa layout.. Sedengkeun validitas émpiris nya éta nahe soal anu dipaké téh babari atawa hésé jeung kumaha daya pangbéda soal, sarta kumaha tingkat réliabilitas soal.

Panalungtikan sarupa kieu lain hal nu anyar. Ari sababna, kungsi aya panalungtikan nu nalungtik “Kualitas Soal Tes Sumatif Pelajaran Basa Sunda di MTs Sirnamiskin Taun Ajaran 2012/2013” (Devy Meylani Sutarjat, 2009), jeung panalungtikan “Analisis Validitas jeung Réliabilitas Dina Soal Ujian Akhir Semester 1 Basa Sunda MTs. Mohamad Toha Taun Ajaran 2013/2014” (Riadi Abdurrohman, 2010).

Najan ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna, nya éta medar ngeunaan validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan dumasar kana validitas eusi, réliabilitas, tingkat hésé babarina soal, tingkat daya pangbéda soal, sarta tingkat kalayakan soal tapi ieu panalungtikan aya bédana. Dina ieu panalungtikan museur kana analisis validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian, lian ti éta sakola nu dijadikeun objék panalungtikanna nya éta di tingkat SMK. Béda halna jeung dua panalungtikan di luhur nu museur kana validitas jeung réliabilitas soal-soal ujian ahir semester (UAS) di tingkat MTs. Dumasar kana hasil panalungtikan di

luhur kapaluruh yén tingkat validitas, jeung réliabilitas soal UAS basa Sunda kawilang “cukup” boh di MTs. Sirnamiskin, jeung di MTs. Mohamad Toha.

Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Modél Soal Ulangan Harian Basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi Semester 2 Taun Ajaran 2016/2017 (Uji Validitas jeung Réliabilitas)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sabada diidéntifikasi masalah-masalah dina ieu panalungtikan ngawengku dua hal ieu di handap.

Kahiji, medar ngeunaan tingkat validitas soal. Validitas kabagi dua bagian nya éta validitas logis jeung validitas émpiris. Validitas logis dibagi deui jadi dua bagian nya éta validitas eusi jeung validitas konstruk. Validitas émpiris ogé kabagi dua bagian, nya éta: validitas sejalan (konkurén) jeung validitas ramalan (prédiksi). Anapon anu jadi fokus masalah nu rék ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta validitas eusi jeung validitas émpiris. Validitas eusi dina ieu panalungtikan nya éta soal dianalisis dumasar kana jelas henteuna pituduh soal, jelas henteuna rumusan indikator, patalina antara jenis penilaian jeung indikator, jelas henteuna instrumén jeung matéri anu diujikeun, jelas henteuna bahan penilaian jeung alat penilaian nu digunakeun, basa nu digunakeun, rumusan basa komunikatif, ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham, huruf nu digunakeun, ukuran huruf nu digunakeun, jeung format atawa layout. Sedengkeun validitas émpiris nya éta naha soal anu dipaké téh babari atawa hésé, sarta kumaha daya pangbéda soal.

Kadua, ngeunaan tingkat réliabilitas soal. Réliabilitas kabagi lima bagian nya éta réliabilitas ulang uji, beulah dua, Kuder-Richardson, Alpha Cronbach, jeung wangun pararél. Anapon réliabilitas anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta réliabilitas beulah dua jeung réliabilitas Alfa Cronbach. Réliabilitas beulah dua digunakeun pikeun nganalisis réliabilitas soal wangun pilihan ganda. Sedengkeun réliabilitas Alfa Cronbach digunakeun pikeun nganalisis réliabilitas wangun ésay.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang sarta idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ngagunakeun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha tingkat validitas eusi soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017?
- 2) Kumaha tingkat validitas émpiris (hésé babarina soal jeung daya pangbéda) soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017?
- 3) Kumaha tingkat réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017?
- 4) Kumaha tingkat layak henteuna soal-soal ulangan harian basa Sunda pikeun siswa SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta: 1) tujuan umum jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum anu baris dihontal nya éta pikeun mikanyaho tingkat validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi. Kualitas soal anu hadé bisa ngajén hasil diajar siswa kalawan valid, nya éta transparan, akurat jeung objektif.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) validitas eusi soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017;
- 2) validitas émpiris (hésé babarina soal jeung daya pangbéda) soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017;

- 3) reliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017;
- 4) layak henteuna soal-soal ulangan harian basa Sunda pikeun siswa SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspek, nya éta: 1) mangpaat tioritis jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa mikanyaho tingkat layak henteuna soal-soal pangajaran basa Sunda anu diujikeun ka siswa SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi ditilik tina validitas eusi, validitas empiris (hésé babarina soal, jeung daya pangbéda), jeung reliabilitas. Sarta bisa ngaronjatkeun kualitas guru basa Sunda dina nyieun soal basa Sunda anu miboga kualitas anu hadé, jeung bisa ngaronjatkeun kualitas siswa dina nyangkem pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun guru, siswa, jeung panalungtik.

- 1) mangpaat pikeun guru

Bisa nambahán référensi pikeun guru dina milih jeung nangtukeun alat pikeun ngáévaluasi pangajaran. Ieu panalungtikan minangka upaya ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda pikeun guru.

- 2) mangpaat pikeun siswa

Minangka upaya pikeun mikanyaho nepi mana kamampuh siswa kana pangawasaan matéri, sahingga siswa dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh dina pangajaran basa Sunda.

- 3) mangpaat pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung pangalaman ka panulis salaku calon pendidik, sarta ngalatih panulis dina milih jeung nangtukeun soal-soal dina évaluasi pangajaran.

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDÀ DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2 TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika dina ieu panalungtikan dimimitian ku judul, ngaran jeung kalungguhan tim pangaping, pernyataan ngeunaan kaaslian skripsi, pangajap, catur nuhun, abstrak, daptar eusi, daptar tabél, daptar bagan, daptar grafik, daptar lampiran jeung daptar singgetan.

Dina ieu skripsi ngawengku lima bab.

BAB I Bubuka, eusina nya éta Kasang Tukang, Idéntifikasi Masalah, Rumusan Masalah, Tujuan, Mangpaat, jeung Sistematika Tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir jeung Asumsi Dasar.

BAB III Metode Panalungtikan, eusina nya éta Desain, Sumber Data, Instrumén Panalungtikan, Téhnik Ngumpulkeun Data, jeung Analisis Data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan Validitas jeung Réliabilitas Soal-soal Pangajaran Basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi Semester 2 Taun Ajaran 2016/2017.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.